O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ TA`LIMI WA`ZIRLIGI

A`JINIYaZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

PEDAGOGIKA FAKUL`TETI

"PEDAGOGIKA HA`M PSIXOLOGIYa" KAFEDRASI

"Pedagogika ha`m psixologiya"  ta`lim bagdari 3 e - kurs  talabasi

Abdreymova Gu`ljahannin`

# KURS   JUMISI

**Tema:  Mektepke shekemgi ta'rbiya mekemelerindegi psixologtin` xizmeti.**

**Qabilladi:** **A.Elmuratova**

**NO'KIS – 2015 jil**

**R E J E :**

**KİRİSİW**

**I BAP. MEKTEPKE ShEKEMGİ TA`RBİYa MEKEMELERİNDEGİ PSIXOLOGTIN` XIZMET MAZMUNI.**
1.1. Psixologtın` mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerindegi ornı ha`m wazıypası.
1.2. Mektepke shekemgi ta`rbiya mekemeleri balaları ata – anaları ha`m ta`rbiyashılarının` psixologqa qılatug`ın mu`ra`ja`a`tleri.
1.3. Mektepke shekemgi ta`lim mekemesi psixologı a`meliyatında ertek terapiyası ha`m oyın terapiyasınan paydalanıw a`hmiyeti.

**II BAP. MEKTEPKE ShEKEMGİ TA`LİM MEKEMESİ PSİXOLOGI A`MELİYaTINDA QOLLANILATUG`IN PSİXODİAGNOSTİKALIQ METODİKALAR**
2.1. "Logikasız su`wretler" metodikası.
2.2 "Labirintten shıg`ıw jolın tap" metodikası.
2.3 "Kimligin`di tawıp ko`r" metodikasi

**JUWMAQLAW**

**PAYDALANILG`AN A`DEBİYaTLAR.**

## KİRİSİW

Respublikamızda alıp barılıp atırg`an jan`alanıwlar, u`ziliksiz ta`lim sistemasının` negizi bolg`an mektepke shekemgi ta`lim buwının da tu`pten o`zgertirip jiberdi. Ma`leketimizdegi ko`plegen baqshalarda a`meliyatshı psixologlar xızmet ko`rsetip, ken` ko`lemde jumıslar alıp barmaqta. Baqsha psixologi da psixologiyalıq xızmet haqqındag`ı nızamda belgilengen bag`darlarda xızmet ko`rsetedi, bular: psixologiyalıq ag`artıw jumısları, psixoprofilaktikalıq jumıslar, psixodiagnostikalıq jumıslar, rawajlandırıwshı ha`m korrektsion jumıslar, konsul`tativ jumıslar. Barlıq xızmet bag`darları ushın ilimiy tiykarlang`an usınıslar ha`m ko`rsetpeler islep shıg`ıw bu`gingi ku`nnin` aktual wazıypalarınan bolıp esaplanadı. Sonı aytıp o`tiw kerek, ja`miyetimizdegi o`tiw da`wiri, ekonomikalıq ha`m sotsiallıq mashqalalar birinshi na`wbette xalıqtı ta`rbiyalıq ha`m reproduktivlıq ustanovkaların o`zgeriwine alıp keledi. Ata – analar yaki, ayırım jag`daylarda u`sh perzent ko`rip, olarg`a puxta ta`rbiya ha`m bekkem bilim beriwi kerek, qa`biliyetlerin ila`ji barında erterek rawajlandırıw, mektepke shekemgi jastın` ken` imkaniyatların ju`zege shıg`arıw kerek degen pikirde. Ko`plegen mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde shet tillerin, komp`yuter sabaqların, sawatlılıq ko`nlikpelerin, matematika ha`m ta`biyiy pa`nlerdin` tiykarların u`yretiwge anıq kirisken. Biraq bul protsess ha`mme waqıtta balalardın` psixologiyalıq imkaniyatların esapqa alg`an halda alıp barılmay atırg`anlıg`ı ushın ku`tilip atırg`an na`tiyjeni bermeydi. Baqshalardag`ı pedagogikalıq protsess o`z aymag`ımızda alıp barılg`an ilimiy izertlewler tiykarındadu`zilgen bolsa maqsetke muwapıq bolar edi. Ma`mleketimiz basshısı o`z shıg`ıp so`ylewlerinde de, kadrlar tayarlaw milliy da`stu`rinde ha`m basqa ma`mleketlik ra`smiy hu`jjetlerde de mektepke shekemgi jastu u`lken imkaniyatları ha`m olardı o`z waqtında ju`zege shıg`arıw, usı jastag`ı balalarg`a ta`lim beriw ushın metodika, tu`rli qurallar, oyın ha`m oyınshıqlardı islep shıg`ıw aktual wazıypa sıpatında belgilep berilgen.

Respublikamız psixologları ta`repinen mektepke shekemgi jastag`ı balalardı u`yreniw boyınsha ilimiy izertlewler de alıp barılmaqta. Biraq bul jas basqıshının` o`zine ta`n o`zgeshelikleri bunday izertlewlerdi alıp barıwda bir qatar qıyınshılıqlardı payda etedi:

Balalar oqıw ha`m jazıy ko`nlikpelerine iye bolmag`anlıg`ı ushın mektep jasındag`ı sınalıwshılar oqıp alıwı ha`m o`zleri juwap beriwi mu`mkin bolg`an sorawnamalarg`a, psixologtın` o`zi individual ta`rizde bala menen islep mag`lıwmat toplawı kerek.

Kishi jastag`ı balalar dıqqatı ha`m tolıq aqılıy xızmet ju`rite alatug`ın isshen` halatı dawamlı bolmag`anlıg`ı ushın, olar menen diagnoz yamasa rawajlantırıwshı jumıslardı jigirma yamasa otız minut aralıg`ında o`tkeriw maqsetke muwapıq.

Balalardın` seziw emotsional a`lemi bay, o`zleri ta`sirshen` bolg`anlıg`ı ushın psixolog mu`na`sibettin` kerekli formasın tan`lay biliwi lazım.

Usı ha`m basqa o`zgeshelikler mektepke shekemgi jastag`ı balalar menen islewde qıyınshılıqlarg`a alıp keledi, bul bolsa o`z na`wbetinde mektepke shekemgi jastag`ı balalardı u`yreniw menen baylanıslı bolg`an izertlewlerdin` kemligi sebepli bolmaqta. Respublikamız psixologlarınan ayırımları mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde psixologiyalıq xızmet boyınsha qımbatlı pikirlerin bildirgen. ma`selen, Z.T.Nishanova «Psixologiyalıq xızmet» kitabında sistemalı ra`wishte mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde psixologiyalıq xızmette ata – analar menen islew ha`m ata – analardın` mu`ra`ja`a`tlerin tu`sintirip bergen. Baqsha psixologlarının` ata – analar menen alıp baratug`ın xızmeti psixologiyalıq xızmettin` a`hmiyeti ta`replerinin` biri bolsa, tikkeley balalar menen alıp barılatug`ın xızmeti ja`ne bir a`hmiyetli ta`repi bolıp esaplanadı.

Mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde psixologiyalıq xızmet protsesinde balalardın` biliw protsesslerin rawajlandırıwshı, olardın` aqılıy rawajlanıwın ta`miynlewshi texnologiyalardı ko`plep jaratıw maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı. Bul xızmette baqsha psixologları ta`rbiyashılar menen jaqın birge islesiwleri kerek.

Solay etip, mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde psixologiyalıq xızmetti a`melge asırıwdın` formalarınan biri bul balalar menen ilimiy tiykarlang`an ha`m sistemalı da`stu`rler arqalı rawajlantırıwshı xızmet alıp barıw bolıp esaplanadı. Bul bag`darda respublikamızda ilimiy izertlewler alıp barılsa jaqsı na`tiyjelerge erisiw mu`mkin.

Joqarıdag`ı keltirilgen pikirlerimiz kurs jumısının` **aktuallıg`ı** bolıp esaplanadı.

**Kurs jumısının` tiykarg`ı maqseti:** Mektepke shekemgi ta'rbiya mekemelerinde psixologtin` alıp baratug`ın tiykarg`ı jumısların u`yreniw.

**Kurs jumısının` predmeti:** Psixologtin' mektepke shekemgi ta'rbiya mekemelerindegi isleri.

**Kurs jumısının` ob`ekti:** Mektepke shekemgi ta`rbiya mekemeleri a`meliyatshı psixologları.

Aldıg`a qoyılg`an maqsetimizden kelip shıg`ıp to`mendegishe **wazıypalar** a`melge asırıladı:

- ilimiy tema boyınsha pedagogikalıq ha`m psixologiyalıq a`debiyatlar menen tanısıw;
- mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri psixologlarının` tiykarg`ı jumıs mazmunı ha`m wazıypaları menen tanısıw;
- mektepke shekemgi jastag`ı balalar menen a`meliyatshı psixologtın` alıp baratug`ın rawajlantırıwshı jumısların ko'rip shıg`ıw;
- balalardın` mektep ta`limine tayarlıg`ında psixologlardın` tiykarg`ı jumıs mazmunın u`yreniw;
- mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinde a`melyatshı psixologtın` oyın terapiyası ha`m ertek terapiyasınan paydalanıw a`hmiyetin u`yreniw;
- temag`a tiyisli shınıg`ıwlar ha`m diagnostikalıq metodikalardı tan`law ha`m usınıs etiw;
- ilimiy jumıs boyınsha juwmaqlar ha`m usınıslar islep shıg`ıw.

## I BAP. MEKTEPKE ShEKEMGİ TA`RBİYa MEKEMELERİNDEGİ PSIXOLGTIN` XIZMET MAZMUNI.

## 1.1. Psixologtın` mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerindegi ornı ha`m wazıypası.

Respublikamızda mektepke shekemgi sotsiallıq ta`rbiya mekemeleri ta`lim - ta`rbiya jumısının` ken` da`stu`rin a`melge asıradı ha`m balalardı mektep ta`limine tayarlaydı. Ha`zirgi waqıtta ju`z berip atırg`an sotsiallıq ha`m ekonomikalıq o`zgerisler xalıq ta`liminin` pu`tkil sistemasın jaslar ha`m balalardı ta`rbiyalaw, olarg`a ta`lim - ta`rbiya beriw jumısın qa`liplestiriwdi psixologiyalıq ta`repten diagnostika qılıw ha`m psixologiyalıq korrektsiya jumısların a`melge asırıwdı talap etedi. Bul wazıypa xalıq ta`liminin` baslang`ısh buwını bolg`an mektepke shekemgi ta`lim mekemelerin ba`rqulla mektep penen u`ziliksiz baylanıstırg`an halda islep kelgen. Baqsha menen mektep ortasında ornatılg`an izbe – izliktegi baylanıstın` ha`r ta`replemeligi balalardı mektep ta`limine tayarlaw wazıypasın na`tiyjeli a`melge asırıwdın` tiykarg`ı sha`rti bolıp esaplanadı. Mektep penen baqsha ortasındag`ı u`ziliksiz baylanıs ta ko`p ta`repleme du`ziliske iye.

Onda ta`lim - ta`rbiyalıq jumıslardın` mazmunı metod ha`m usıllarının` sho`lkemlestiriwshilik formaları, sonday – aq balalardı ta`rbiyalaw sha`rt - sha`rayatları ha`m psixikalıq talap sıyaqlı jetekshi  ta`repleri psixologiyalıq ta`repten talap qılınadı. Bunda psixolog to`mendegilerge ayrıqshı itibar beriwi kerek:

1. Mektep talabı ko`z qarasınan bilimlerdi qay da`rejede teren`irek iyelep alıwları diagnostika qılınadı. Lazım bolsa korrektsion jumıslar a`melge asırıladı.
2. Baqsha ko`z – qarasınan balanı mektepke talabı da`rejesindegi bilim, ta`jiriybe, ko`nlikpeler menen qay da`rejede qurallantırılg`anlıg`ı diagnostika qılınadı.
3. Balalardın` mektepke qay da`rejede ruwhıy tayarlıg`ı da`rejesi diagnostika qılınadı. Sonday – aq, tiykarg`ı wazıypa balalar miynetinin` qay tu`rine tayar turıwları, olarda aqılıy miynet bilimge qızıg`ıwshılıg`ın o`siriw, olardı keleshektegi o`z betinshe xızmetke qay da`rejede tayar ekenligi diagnostika qılınadı.
4. Balalar baqshasındag`ı beriletug`ın ta`lim qay da`rejede rawajlantırıwshı ekenligi diagnostika qılınadı.

5. Psixolog balalar baqshası menen mektep ortasında izshil baylanıs bar yamasa joq ekenligin diagnostika qıladı.

Psixolog baqshı jasındag`ı balalar iyelewleri lazım bolg`an bilim ha`m tu`sinikler mazmunın, do`gerek a`tiraptag`ı o`mir haqqındag`ı qıyallar ha`m ayırım a`piwayı tu`sinikler bar ekenligin psixologiyalıq ta`repten diagnostika qıladı. Balalar ta`repinen qıyal ha`m tu`siniklerdin` iyelep alınıwı yag`nıy balalarda ha`r qıylı tarawlar boyınsha o`zlestirgen ulıwma koz – qaraslar sisteması olardın` keleshekte ulıwma – rawajlanıwı ushın ju`da` za`ru`r bolıp, bul siz olar ha`zirgi zaman Ma`mleket ta`lim standartları tiykarında kerekli bilim, ko`nlikpe, ta`jiriybelerdi iyeley almaydı.

Tu`rli ta`lim - ta`rbiya mekemelerinde bu`gin psixolog jan`alıq emes. Psixologlardın` ta`lim sistemasında xızmet ko`rsetip kiyatırg`anlıg`ına biraz waqıt boldı. Biraq ha`zirge shekem ko`pshilik bul taraw qa`nigeleri jumısına biraz gu`man aralas na`zer menen qaramaqta. Bug`an belgili ma`niste psixologlardın` o`zi de sebepshi. Olar o`z xızmetlerinin`, o`z ja`rdeminin` qanshelli a`hmiyetliligi, jas a`wladtı ba`rkamal insan etip jetilistiriwde olardın` qatnası za`ru`r ekenligin ko`rsetip, da`liyllep bermey atır. Bunın` tiykarg`ı mebeplerinen biri, bizin` pikirimizshe, psixologlardın` o`z xızmetinde ta`lim - ta`rbiya mekemeleri xarakterli o`zgesheliklerine jetkilitkli da`rejede itibar Bere almay atırg`anlıg`ı, mekemenin` o`zine ta`n o`zgesheliklerine maslasa almama atırg`anlıqları bolıp esaplanadı. Tu`rli jastag`ı, jınıstag`ı mag`lıwmat ha`m isenim da`rejesindegi adamlar menen psixolog bir qıylı metod ha`m usıllar arqalı islemes eken ne ushın tu`rli ta`lim - ta`rbiya mekemelerinde alıp baratug`ın xızmeti o`z – ara parıqlanbaydı ma? Tu`rli mekeme bul tu`rlishe sha`rayat, tu`rli mekeme – bul rawajlanıwı ta`repinen tu`rlishe bolg`an balalar.

Solay eken, tu`rli mekemelerde psixolog bir g`ana qa`lipke salıng`an joldan barıwı mu`mkin be? Bizin`she mu`mkin emes? Sonnan kelip shıg`ıp, tu`rli balalar mekemelerinde psixolog alıp baratug`ın jumısının` bir – birinen parqı, o`zine ta`n ha`m ta`kirarlanbas o`zgesheliklerine itibarın`ızdı qaratamız.

Baqsha jasındag`ı balalardın` ken` tarqalg`an mashqalaları to`mendegiler:

1. Bala psixikalıq rawajlanıwı da`rejesinin` jas normasına sa`ykesligi. Bul jerde mashqala rawajlanıw da`rejesinin` normadan ulıwma pa`sliginde bolıwı mu`mkin, yag`nıy so`ylewi rawajlanıwındag`ı qıyınshılıqlar, este saqlaw, dıqqattın` jamanlıqı ha`m t.b.

2. Mektepte oqıwg`a tayarlıq. Bul jerde mashqala ata ananın` balanı 6 jastan oqıtıwg`a qarar qılıng`anlıg`ı ha`m bul menen baylanıslı bala mektepte jaqsı oqıp kete aladıma, joqpa ha`m balanı mektepke tayarlawda durıs usınıslar alıw menen baylanıslı boladı.

3. Shaxsıy rawajlanıwdın` unamsız ko`rinisleri. Adamlarg`a kirisip keiw, qarım – qatnas mashqalaları. Bunda mu`ra`ja`t etiwinin` sebebi ata – analar ha`m ta`rbiyashılar menen, yamasa ten`lesleri, ata – anaları menen qarım – qatnastag`ı qıyınshılıqlar bolıwı mu`mkin.

4. Bala is – hareketinin` shalalıg`ı, xızmetinin` jetkilikli da`rejede maqsetke bag`darlanbag`anlıg`ı, balanın` o`z ha`reketlerin rejelestire, basqara almaslıg`ı. Ata – ananın` bala menen qarama – qarsılıg`ı (ytqanın orınlamaw)dın` negizgi psixologiyalıq sebebi xızmetti erkli basqarıwdın` ju`da` pa`s da`rejede ekenligi bolıp esaplanadı.

5. Balanın` balalar mekemelerine ko`nligiwi.

Joqarıda keltirilgen mashqalalardı du`zetiw ma`selelerine toqtalıp o`temiz. Baqsha jasındag`ı balalardın` aqılıy rawajlanıwın korrektsiya qılıw seziw ha`m qabıl etiw qa`biliyetlerin rawajlandırıw wazıypaların o`z ishine aladı.

Balalardın` seziw qa`biliyetlerin du`zetiwde qabıl etiw operatsiyaların rawajlantırıw ha`m seziw u`lgileri sistemasın o`zlestiriw sıpatında a`melge asırıladı. Barlıq balalar ushın su`wret salıw, plastelinnen ha`r qıylı na`rseler jasaw, aplikatsiya, ko`riw xızmetleri ken` qollanıladı.

Baqsha jasındag`ı balalardın` oylawın du`zetiwde biliw motivlerin rawajlantırıwda a`hmiyetli quramlı bo`limi bolıp esaplanadı. Balalardın` anıq – obrazlı oylawın rawajlantırıwda syujetli – rolli oyınlar, qag`ıydalı oyınlar a`hmiyetli rol` oynaydı.

Rawajlantırıwshı oyın didaktikalıq material menen qa`legen ha`reketler emes, ol ma`jbu`riya oqıw shınıg`ıwları usılı da emes. Bul o`zine ta`n, tolıq ha`m balalanr ushın jetkilikli mazmunlı xızmet bolıp, o`z ta`sir motivleri ha`m hareket usıllarına iye.

Bu`gingi ku`nde rawajlantırıwshı oyınlarg`a ta`n a`debiyatlar talayg`ana, biraq balalar menen shınıg`ıwlardın` belgili da`stu`rin du`ziwde ayırım o`zine ta`n ta`replerin itibarg`a alıw maqsetke muwapıq. Bul ta`repler:

- balada u`lkenler menen birgeliktegi xızmetke mu`ta`jliktin` bar ekenligi;

- usı jas da`wirinin` belgili psixikalıq funktsiyalar ha`m shaxsiy sıpatlar rawajlanıwı ushın senzitivligi;

-en` jaqın rawajlanıw zonası.

Balalar baqshası tu`rli jas toparları balaları menen rawajlantırıwshı shınıg`ıwlar maqset ha`m wazıypalardı da`stu`riy, balalar qandayda bir jan`a bilim ha`m ta`jiriybelerdi iyeleytug`ın shınıg`ıwlardag`ı sıyaqlı emes. Rawajlantırıwshı oyın ha`m shınıg`ıwlardın` mazmunı balanın` psixikalıq rawajlanıwın aldıg`a ilgeriletiw, onın` qabıl etiwi, dıqqatı, este saqlawı, oylawı, so`ylewi, ha`reketi, erkli minez – qulqı,yag`nıy bala ta`repinen negizgi oqıw da`stu`rin na`tiyjeli o`zlestiriw negizin quraytug`ın psixikalıq funktsiyalar ha`m shaxsiy sıpatların rawajlantırıw bolıp esaplanadı.

«Kishkene balanın` bar imkaniyatların rawajlantırıw, onın` ba`rkamal rawajlanıwı ushın qolaylı pedagogikalıq sha`rayatlar balanın` qısqartırıwg`a qaratılg`an balanı kereginen aldın mektepke shekemgi ta`rbiyalanıwshı, ta`rbiyalanıwshını bolsa oqıwshıg`a aylantırıw ha`m t.b. ju`da` erte ta`lim tu`ri menen jedel jaratılmaydı. Kerisinshe, oyın, a`meliy ha`m su`wretlew xızmetinin` o`zine ta`n balalarsha formaların ken` jayıw ha`m olar mazmunın maksimal bayıtıw, balalardın` bir – biri ha`m u`lkenler menen qarım – qatnasın ken`eytiriw za`ru`r, dep jazadı A.V.Zaparojets.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalar rawajlanıwı bir waqıttın` o`zinde ko`plegen xızmet ha`m qarım – qatnas tu`rlerinde keshedi. Xızmettin` jetekshi tipi yamasa qarım – qatnastın` jetekshi tu`rin turmıstın` qandayda bir da`wirinde bala

rawajlanıwı ushın a`hmiyeti haqqında so`z barar eken, bul tek g`ana xızmet ha`m qarım – qatnas tu`rleri rawajlanıwın alıp baradı degeni emes. Jetekshi xızmet ha`m qarım – qatnas formalarının` o`z – ara baylanıslı tu`rleri sisteması haqqında aytıw durısraq boladı. Balanın` ja`ne de joqarı rawajlanıw basqıshına o`tiwinde aldıng`ı xızmet ha`m qarım – qatnas tu`rleri pu`tkilley jog`alıp, olardın` ornına pu`tkilley jan`aları keledi. Bul aldın qa`liplesip bolg`an xızmet ha`m qarım – qatnas tu`rlerine jan`aları qosıladı ha`m sol waqıtta xızmet ha`m qarım – qatnastın` ha`r bir tu`ri sıpat ta`repinen jasqa mas qayta ko`riledi, delinedi.

Kishkene bala ju`da` plastik ha`m an`sat oqıtıladı, ol aldın oylang`anınan biraz ko`p na`rseni o`zlestire aladı, bul bolsa ta`lim ha`m ta`rbiyanın` mektepke shekemgi da`stu`ri biliw mazmunın qatan` dayıtıwı ushın mu`mkinshilik jaratadı.

Biraq balanın` imkaniyatları sheksiz emes, olar qatar jasqa ta`n psixofiziologik o`zgeshelikler menen belgilenedi. Aldı burın, bala jedel o`sip atırg`anı, onın` miyi ha`m nerv sisteması o`sip atırg`anı ha`m jetilip atırg`anı, olardın` funktsional o`zgeshelikleri ele sheklenbegenligi ha`m imkaniyatları ha`zirshe sheklengenligin umıtpastıq lazım. Sol sebepli balalar menen islew ushın, jan`a intensiv da`stu`rlerdi jaratıwda tek g`ana bala erisiwge qa`dir bolg`an na`rseler,ba`lkim bunın` ushın bala sarıp etetug`ın fizikalıq ha`m nerv – psixikalıq ku`shlerin de esapqa alıw ju`da` a`hmiyetli.

Mektepke shekemgi jastag`ı balanın` u`lken imkaniyatların a`melge asırıwda maksimal na`tiyjelilikke tek g`ana ta`rbiyada qollanılatug`ın metod ha`m formaları usı jastın` psixofiziologiyalıq o`zgesheliklerge muwapıq bolg`anında g`ana erisiw mu`mkin.

Yag`nıy mektepke shekemgi jastag`ı bala ta`limin didaktikalıq oyın, tikkeley baqlaw ha`m predmetli shınıg`ıw, a`meliy ha`m ko`rgizbeli xızmet tu`rleri formasında alıp barıw mu`mkin.

Balalar menen rawajlantırıwshı shınıg`ıwlardı sho`lkemlestiriw ha`m o`tkeriwdin` tiykarg`ı forması – oyın sol jastag`ı xızmettin` tiykarı, balanın` psixikalıq ha`m shaxsiy rawajlanıwı ushın en` maqul sha`rayat jaratatug`ın tu`rit esaplanadı. Oyın jag`dayında balag`a jan`a bilimler ha`m ha`reket usılların

o`zlestiriw za`ru`riyatı tu`sinerli ekeni sebepli onın` o`zi bilmegenin u`yreniwge umtıladı.

Balanın` u`lkenler menen birgeliktegi xızmetine mu`taji bala jasına baylanıslı ra`wishte o`zgeredi. Erte balalıq da`wirnde (3 jasqa shekem) qalegen jag`daydın` mazmun orayı u`lken adam ha`m onın` menen birgeliktegi xızmeti boladı. Bala o`zlestirip atırg`an ha`reketinin` ulıwmalıq mazmunı ol u`lken adam ko`rsetkeni sıyaqlı orınlansa g`ana a`melge asadı.

Jaqın - jaqınlarg`a shekem baqsha psixologi o`zine ta`n ku`tilmegen ha`diyselerden biri edi. Psixologtın` bul tu`rdegi mekemelerdegi wazıypa ha`m xızmet bag`darı anıq ko`rsetilmegen edi. En` a`hmiyetlisi, psixologlardın` o`zi ushın da bul tarmaqta qanday ha`diyse ha`m mashqalalarg`a dus keliw mu`mkinligin anıq tu`siniwge qıynalar edi. Sonın` ushın hatteki olardın` o`zlerinde de «O`zi psixologqa za`ru`rlik barma eken?» degen gu`man payda bolar edi. Ha`zir de ayırım baqsha psixologları mekemede o`z orınların taba almay qıynalıp atır. Sonın` ushın olar baqshadag`ı o`z xızmetlerinin` da`slepki basqıshın a`dette metodikalar arqalı balalardı diagnostika qılıwdan baslaydı. Xesh qanday gu`mansız, bul ju`da` na`tiyjeli xızmet bag`darı. Bunda balalardın` ulıwma rawajlanıw da`rejesi anıqlanadı ha`m bar bolg`an mashqalalar ko`zge taslana baslaydı. Biraq diagnostika ha`m onın` na`tiyjelerin qayta islew biraz ko`p waqıt talap etilgeni ushın balalardın` mashqalaları menen shug`ıllanıwg`a waqıt derlik qalmaydı.

Sonın` ushın qa`nigeler mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde xızmet ko`rsetip atırg`an psixologlarg`a jumıstı da`slep og`an ja`rdem sorap mu`ra`ja`a`t qılg`an ata – ana ha`m ta`rbiyashılardın` mu`ra`ja`a`tlerin u`yreniwden baslawdı usınıs etedi.

## 1.2. Mektepke shekemgi ta`rbiya mekemeleri balaları ata – anaları ha`m ta`rbiyashılarının` psixologqa qılatug`ın mu`ra`ja`a`tleri.

Son`g`ı jıllarda qa`nigeler sonday pikirde, ata – analardın` psixologqa qılatug`ın mu`ra`ja`a`ti biraz o`zgerip, anıg`ıraq xarakter iyeleydi. Aqırg`ı

waqıtlarda ata – analardın` a`meliy psixolog ja`rdemine bolg`an qızıg`ıwshılıg`ı biraz arttı. Psixologtın` aldına konsul`tatsiya ushın keletug`ın ata – analar sanının` artıwı bunı da`liyllep turıptı. Mu`mkin, ata – analar a`ste – aqırın bala minez – qulqındag`ı ko`p n`arselerge o`zleri sebepshi ekenliklerin tu`sine baslag`anlıg`ı, sezine baslag`anlıg`ı sebepli psixologiyalıq xızmetke bolg`an qızıg`ıwshılıg`ı artıp barmaqta. Ba`lkim psixologiyalıq xızmettin` xalıq ta`limi sistemasında g`alabalasıwı ha`m ilimiy g`alabalıq a`debiyatlardın` ko`beyip baratırg`anlıg`ı olardı o`z perzentlerine basqasharaq qarawg`a ma`jbu`r qılıp atırg`an shıg`ar? Qullası, ne bolg`anda da psixologtın` ja`rdemine bolg`an sanalı mu`ta`jlik a`ste – aqırın bolsa da o`sip barmaqta.

Mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinin` psixologları a`meliyatında tiykarınan ata – analardın` to`mendegishe bir neshe topardag`ı mu`ra`ja`a`ti ushırasadı:

1. Birinshi topar mu`ra`ja`a`tleri «mashqalalı mu`ra`ja`a`t» emes. Olar biliw xarakterine iye. Ata – ana balanın` psixikalıq rawajlanıwın baqlaw kerekligin tu`sinip, psixologqa perzentlerinin` psixikalıq ha`m aqılıy rawajlanıw da`rejesin anıqlap beriw iltiması menen mu`ra`ja`a`t etedi.

Bunday mu`ra`ja`a`tlerdin` kobeyiwine hesh g`u`mansız, birinshiden, son`g`ı jıllarda respublikamızda mektepke shekemgi jastag`ı balalıq mashqalalarına, ulıwma balalardın` salamatlıg`ına ayrıqsha itibar menen qaralıp atırg`anlıg`ı;

Ekinshiden, mektepke shekemgi jastag`ı balalıqtın` insan shaxsı qa`liplesiwi ha`m aqılıy rawajlanıwındag`ı a`hmiyeti haqqındag`ı ilimiy kitaplar, gazeta – jurnallar maqalaları, arnawlı televizion ko`rsetiwlerdin` ko`beyip baratırg`anlıg`ı sebepshi boladı. Bunday tu`rdegi mu`ra`ja`a`t penen kelgen ata – ana negizinde ko`binshe psixologtan bala normal rawajlanıp atırg`anlıg`ın tastıyıqlaw ushın keledi. Sonın` ushın olar psixologtın` tu`sindiriwlerin, ma`sla`ha`tlerin a`dette itibardan shette qaldıradı. Ata – analardın` o`z balaları psixikalıq rawajlanıw da`rejesin anıqlawg`a bolg`an qa`lewi artıwının` ja`ne bir sebebi ta`lim sistemasının` quramalasıwı, tu`rli oqıw mekemeleri – litseyler,

gimnaziyalardın` payda bolıwı bolıp esaplanadı. Ta`lim sistemasındag`ı o`zgerisler ta`sirinde ko`plegen ata – analar perzentlerin ta`limge biraz erte tayarlap barıw kerekligin an`lay baslaydı. Sol sebepli bolsa kerek, balanı 6 jastan mektepke beriw mashqalası menen mu`ra`ja`a`t qılıwshı ata – analar biraz artadı.

Psixologtın` bala 6 jastan mektepke barıwı ushın onın` qaysı biliw protsesin rawajlantırıw kerekligi haqqında bergen ma`sla`ha`t ha`m ko`rsetpeleri ata – analar ta`repinen biraz u`lken itibar menen qabıl etilmekte.

2. Ekinshi topar mu`ra`ja`a`tleri balalardın` qa`bilietlerin anıqlap beriw boyınsha bolatg`ın mu`ra`ja`a`tlerinen ibarat. Ha`r qıylı balalar do`gerekleri(muzıka, su`wret salıw, inglis tili ha`m t.b.) dın` barlıg`ı, bunın` u`stine ayırım a`debiyatlarda balalardın` qabiliyetleri 3 -4 jastanaq belgili boladı, degen mag`lıwmatlar ata – analardı psixolog qasına jeteklemekte.

Psixologtın` wazıypası balanı bul jasta qandayda bir tarawg`a ma`selen, muzıka yamasa matematikag`a ma`jbu`riy intensiv oqıtıwdın` unamsız aqıbıtlerin tu`sintirip, bala ushın usı waqıtta ha`r ta`repleme rawajlanıw a`hmiyetliligin ata – anag`a jetkere biliwge qaratılıwı kerek. Biraq usı waqıtta psixolog mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde qanday da bir xızmetke qa`biliyetileri ko`rinip atırg`an balalardı anıqlawg`a, olardın` rawajlanıwın baqlawg`a, arnawlı da`stu`r tiykarında individual jumıs alıp barıwg`a o`z itibarın qaratıwı lazım.

3. U`shinshi topar mu`ra`ja`a`tlerine bala minez – qulqındag`ı o`zgerisler sebepli ata – analar qılatug`ın mu`ra`ja`a`tleri kiredi. Bunda ata – analar tiykarınan balalardın` agressivligi, tartınshaqlıg`ı, qıyalparaslıg`ı, emotsional turaqsızlıg`ı, ashıwshaqlıg`ı boyınsha mu`ra`ja`a`t etedi. Bir na`rse insandı qa`weterge saladı, bunday mu`ra`ja`a`tler sanı barg`an sayın artıp barmaqta. Balalar minez – qulqındag`ı uzılıwlar tiykarında jatqan sebeplerdi psixologlar 3 toparg`a ajıratadı: a) ata – analardın` bala psixikalıq rawajlanıw nızamlılıqların bilmesligi.

Rawajlanıw nızamlılıqların bilmeslik aqıbetinde ata – analar balalarg`a olardın` jasına mas bolmag`an talaplardı qoyadı, krizis da`wirlerindegi o`zgesheliklerdi bolsa minez – qulıqtag`ı buzılıw dep bahalaydı. Bunday halda psixolog balanın` psixikalıq rawajlanıw o`zgesheliklerin jo`ni menen ata –

analarg`a tu`sintirip qoyıwı, olarg`a bala menen bolg`an qarım – qatnas usılın o`zgertiriw, og`an qoyıp atırg`an talaplarg`a itibarlı bolıwın usınıs etiwi lazım boladı. B) bala minez – qulqındag`ı buzılıwlarg`a sonday – aq, nerv psixikalıq buzılıwlar da sebep bolıwı mu`mkin. Olar nevrozlar, psixosomatikalık kesellikler, psixikalıq rawajlanıwda arqada qalıw belgileri bolıwı mu`mkin. Bul jag`dayda psixolog qolınan kelgen ja`rdemin ko`rsetip, qa`nige psixonevrolog, nevropotolog, psixiatrge mu`ra`ja`a`t etiwin ma`sla`ha`t beriwi kerek: v) balanın` minez – qulqındag`ı o`zgerislerge nadurıs shan`araqlıq ta`rbiya sebep bolıwı da mu`mkin.

Ha`dden zıyat ko`p erkeletiw, qorqıtıw, awır fizikalıq jazalar, biypa`rwalıq sıyaqlı ata – analardın` ta`rbiyalawdag`ı qa`teleri bala minez – qulqındag`ı normadan shetke shıg`ıwının` sebebine aylanıwı mu`mkin. Bunday halda bir ma`rte beriletug`ın konsul`tatsiya menen shegaralanıp bolmaydı. Ata – analar menen u`ziliksiz tu`sintiriw ntazam tushuntiriw jumısların alıp barıwg`a tuwra keledi.

Sonısı qızıqlı, nadurıs ta`rbiya aqıbetleri haqqında son`g`ı waqıtlarda qansha ko`p aytılsa, ta`rbiyasında u`lken kemshiliklerge jol qoyılg`an balalar sanı sonshelli ko`beyip barmaqta. Sol sebepli profilaktika maqsetinde mektepke shekemgi ta`rbiya mekemesi psixologi ata – analar menen alıp barılatug`ın tu`sintiriw jumısların jaqsı jolg`a qoyıw kerek. Bul boyınsha o`zine ta`n «Ata – analar klubı»n sho`lkemlestiriw de maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı.

Ta`rbiyashılar da psixologqa kemirek bolsa da mu`ra`ja`a`t etedi. Olardın` mu`ra`ja`a`ti anıq xaraktergshe iye boladı. Ko`pshilik ta`rbiyashılardı tiykarınan agressiv yamasa jaman o`zlestiriwshi balalar ta`shwishke saladı, sebebi har eki tu`rdegi balalar baqshadag`ı ta`rbiyalıq protsessti qıyınlastıradı. Ha`dden tısqarı tartınshaq, o`zine isenbeytug`ın balalar ta`rbiyashılardın` ayrıqshı itibarın talap etedi, waqıttın` alıg`ı sebepli bolsa bunın` ila`ji bolmaydı. Sonın` ushın ta`rbiyashılardı tiykarınan baladag`ı qandayda bir o`zgesheliktin` psixologiyalıq mexanizmi rawajlantırıwshı shınıg`ıwlar ha`m oyınlar, oyınshıqlardı tan`lawda nege ko`birek itibar beriw haqqındag`ı psixolog ma`sla`ha`ti qızıqtıradı. A`lbette, ata – analar sıyaqlı ta`rbiyashılardı da qaysıdur balanın` psixikalıq rawajlanıw

da`rejesi qızıqtıradı. Solay eken, bunday mag`lıwmatlar ta`rbiyashılarg`a balalar menen islesiwde ja`rdem beredi.

### 1.3. Mektepke shekemgi ta`lim mekemesi psixologı a`meliyatında ertek terapiyası ha`m oyın terapiyasınan paydalanıw a`hmiyeti.

Pedagog – psixolog jumısında ken` paydalanılatug`ın konsul`tativ – terapevtik xızmetlerdin` ja`ne bir tu`ri ertek terapiyası esaplanadı. Ertek

terapiyanın` tiykarg`ı o`zgesheligi metaforik ha`m o`zgeshe bayan etiw uslubına, tilge iye ekenligi bolıp esaplanadı. Ertekte bayan etiletug`ın ha`diysenin` haqıyqatı tuwrıdan – tuwrı ha`m tın`lawshılar ushın tanıs bolg`an formada emes, ba`lkim basqasha ko`riniste boladı. Ertek sıyqırı sonın` menen belgilenedi, yag`nıy ol bir waqıttın` o`zinde ha`m sanag`a ha`m shaxstın` teren`, jetkilikli da`rejede an`lanılmag`an qurımalarına (qorqıw, keshirme, kompleks) qaratılg`an boladı. U`lkenler ko`binshe qorqıw ha`m meyiliklerdji ashıq aytıwg`a qıynaladı, ko`p balalar bolsa o`z ha`reketleri, keshirmeleri ushın ayıbdarlıq ha`m uyalıw sezimin sezedi. Ertekte qatan` a`dep – ikramlıq qag`ıydaları ha`m anıq na`siyatlar berilmeydi. Bul bolsa u`lkenlerdin` balalar menen o`z – ara mu`na`sibetindegi qa`tesi esaplanadı. Ertekte u`lkenler ha`m balalar mu`na`sibeti ushın ulıwma bolg`an til tuwıladı. Ertek baalar ushın sonday qorg`anıw ortalıg`ın jaratıp beredi, ol arqalı bala o`zi ha`m a`lem haqqındag`ı qanday da bir jan`alıqtı o`z ishki du`n`yasının` aralasıwınan qorqpag`an halda bilip alıw mu`mkinshiligine iye boladı.

Ertekti esiter eken, bala o`zin qaharmanlar menen salıstıradı (ol o`zine uqsag`an qıyınshılıqlardı basınan keshirip atırg`an qaharmanlardı tan`lap aladı). Ol o`z qorqıw ha`m keshirmeleri arasında o`zin jalg`ız sezbeydi. Ha`m de en` tiykarg`ısı, ertek qaharmanları qıyınshılıqlardı jen`ip atırg`anlıg`ın ko`rip, balada mashqalalardı sheshiw ta`jiriybesi ha`m o`z ku`gine isenim payda boladı.

Ertektin` a`hmiyetli belgisi bolıp o`zgeriw mexanizmi esaplanadı, kishkene, ku`shsiz, ahmaq yamasa a`wmetsiz qaharman, ertek son`ında ku`shli, aqıllı, batır ha`m a`wmetli insang`a aylanadı. Bul o`zgerisler balag`a jaqsılanıwg`a bolg`an ta`sirin ju`zege keltiredi. Ol ba`rqulla «Shıraysız u`yrek» qashanlardur a`lbette go`zzal aqqusqa aylanatug`ınlıg`ın biledi.

Ertek – bul mu`mkinshilikler ko`rnii bolıp qg`ana qalmay,ba`lkim turmıslıq ha`diyselerdegi a`deplilik, qa`driyat modellerinin` aktiv ta`rizde sin`diriliwi bolıp esaplanadı.

Ertek penen islewdin` 3 tiykarg`ı bag`darı bar.

*I. Tu`rli a`debiy dereklerdegi tanıs bolg`an xalıq a`wızeki do`retpelerinen alıng`an, sıyqırlı, a`psanalı erteklerden paydalanıw.* Terapevtik ta`sir protsesi ertektin` bala menen birge oqıtıwı ha`m analiz qılınıwı menen belgilenedi. Bunda tiykarg`ı itibar qaharmanlar keshirmeleri qıyınshılıqların jen`iwi ha`m jetiskenlikke erisiwge qaratıladı. Bul jag`dayda terapevtik na`tiyje psixologtın` bala keshirmelerin qay da`rejede tu`sinip jetkenligi ha`m tan`lang`an ertektin` bala mashqalalarına qay da`ejede mas keliwi menen belgilenedi. Sonday ertek ha`m hikayalar kitapxanasın tan`law mu`mkin, olarda tu`rli mashqalalardı aytıw mu`mkin. Ma`selen, qorqınıshlı ertekler ha`m mahluqlar haqqındag`ı kitaplar qorqıwdı keltirip shıg`arıwshı na`rseler haqqında so`ylesiw mu`mkinshiligin beredi. Fantastikalıq waqıyalar ha`m g`ayrıta`biiy ertekler bala tu`slerin aytıwg`a ja`rdem beredi. Bul bag`dardın` itibarlı ta`repi sonda, onda ha`mme na`rse ju`da` a`piwayı ha`m topardag`ı balalar qatnasıwında a`melge asırıladı.

*II. Terapevt ta`repinen ha`r bir konkret jag`day ushın ertek yamasaterapevtik metaforanın` jaratılıwı.*

Bul bag`dar psixologtan ertek toqıw protsesine tolıq kirisiwdi talap etedi. Terapevtik maqsetlerde ertektin` jaratılıw ha`m qollanılıw protsesi to`mendegi ta`rtipte a`melge asırıladı:

1. Balanı qıynap atırg`an mashqalanı oylan shıg`ın`. Onın` sezim ha`m keshirmeleri «tolqınına maslasın`». Usı jag`day bala ko`z – qarasınan qanday qabıl qılınıwın tu`siniwge ha`reket etin`.

2. Hikayanın` tiykarg`ı ideyasın qa`liplestirin`. Bala sanasına qanday pikirlerdi jetkerip bermekshisiz? Hikaya arqalı qanday sheshimlerdi usınıs etpekshisiz? Bul sheshimler ju`da` quramalı bolmaslıg`ı lazım. Bul sheshimler jan`a a`meliy ha`m sotsiallıq bilimlerji iyelewdi na`zerde tutıwı lazım.

3. Hikayanı balanın` qorqıw, qa`weteri ha`m qarama – qarsılıqlarg`a uqsas ta`replerine iye bolg`an qaharmandı tanıstırıwdan baslan`. Bul bala o`zin hikaya qaharmanına salıstırıw mu`mkinshiligin beredi ha`m onı sol halatqa kiritip, hikaya qatnasıwshısına aylantıradı. Ma`selen, hikaya sonday baslanıwı mu`mkin: bir bar eken, bir joq eken, bir jerde sag`an uqsag`an bala jasar eken . . .».

4. Hikaya qaharmanının` balag`a uqsas bolg`an ku`shli ha`m unamlı sıpatların esletip o`tin`. Balalar o`z mashqalasına baylanıp qalsa, olar tek g`ana jaman na`rselerdi oylap, o`zlerinin` ku`shli ta`repleri ha`m sıpatların umıtıp qoyadı.

5. Sonday syujet sızıg`ın islep shıg`ıw kerek, ol o`z ishine to`mendegi tiykarg`ı elementlerdi kiritiw lazım:

√ bala mashqalasına sa`ykes metoforik qarama - qarsılıq;

√ balanın` imkaniyatları ha`m qa`biliyetlerin tu`sintiriwshi tımsallar, olar bas qaharmannın` dosları ha`m ja`rdemshileri obrazında bolıwı kerek, qorqıw ha`m isenimsizlikleri dushpanlar ha`m tu`rli tosıqlar obrazında bolıwı kerek.

√ Metaforik krizis, onın` na`tiyjesinde bas qaharman barlıq tosıqlardı jen`iwi kerek.

√ Qolg`a kiritilgen jen`is na`tiyjesinde qaharman o`zindegi jan`a sıpatlardı an`lawı;

√ Hikayada sırlı, ku`tilmegen ha`m ku`lkili elementlerden paydalanıw maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı.

7. A`piwayılıqqa umtılıw. Siz ta`repten qollanılıp atırg`an til ha`m so`z bala tili da`rejesine maslastırılıwı, hikaya ko`lemi bolsa – bala dıqqatının` turaqlılıq da`rejesine sa`ykes bolıwı lazım.

8. Balanın` hikayag`a tolıq berilgen ha`m de onın` ushın zerigerli waqıtqa itibar berin`. Onın` ju`z ko`rinisine qarap, tın`lanıp atırg`an hikayasına bolg`an mu`na`sibetti anıqlaw mu`mkin.

9. Eger bala hikaya bo`leklerin ta`riyplep, onın` mazmunı boyınsha sorawlar berse, bunı itibardan shette qaldırman`. Bular balanın` ishki du`nya`sına, pikirler du`n`yasına na`zer taslaw mu`mkinshiligin beredi.

10. Eger bala siz usınıs etken sheshimge kelip, ol bolsa hesh qanday na`tiyje bermese, hesh ga`p emes. Ol ne qılg`anın, ne uqsamag`anlıg`ı ha`m de bul negizinde qanday bolıwı kerekligin oylap ko`rin`.

11. Siz hikayashı sıpatında da sizin` hikayan`ız da quramalı bolmaslıg`ı mu`mkin. So`ylewin`izdegi kemshiliklerden uyalman`, hikaya dawamında o`z

qa`te yamasa kemshiligin`izdi jazıp qalsan`ız, asıqpastan onı shama menen to`mendegishe durıslap ketin`: «O, sa`l qalsa esimnen shıg`ayın depti, ol bir o`zi emes, dostısı menen ketip baratırg`an edi» h.t.b.

***Oyın terapiyası.*** Oyınlar xalıq pedagogikasının` ta`rbiya qurallarınan biri esaplanadı. A`sirler dawamında oyınlar rawajlanıp, jan`alanıp kelmekte.

Oyın ıxızmeti bala o`mirinde, onın` fizikalıq, ruwxıy, aqılıy kamolotqa jetiwinde a`hmiyetli qurallardan biri esaplanadı. Oyın arqalı balalar oylawı, qıyalı, este saqlawı, dıqqat sıyaqlı barlıq psixikalıq protsessleri rawajlanadı ha`m do`gerek - a`tirap haqqındag`ı bilimi ja`ne de ken`eyip baradı. Mektepke shekemgi ta`lim mekemesinde oyın xızmetinen durıs ha`m o`nimli paydalanıw, ha`r bir o`tkeriletug`ın shınıg`ıwlar ham sayahat xızmetinin` na`tiyjeliligin asırıp baradı. Mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde oyın xızmeti tu`rli formada waqıya oynalatug`ın, ha`reketli, ta`limiy, muzıkalıq - ta`limiy sıyaqlı bag`darlarda alıp barıladı. Oyın balalar ushın qızıqlı, mazmunlı bolıwı ushın ta`rbiyashı oyın qag`ıydası menen jaqınnan tanıs bolıwı kerek.

Oyın shınıg`ıwlarınan waqıyag`a ta`n - do`retiwshilik oyınlar arqalı balalar oylawı ken`eyedi ha`m qızıg`ıwshılıqları rawajlanadı. Rolli oyınlar arqalı balalarg`a olardı qorshap turg`an insanlardın` ku`ndelik o`miri, o`z – arar mu`na`sibetleri, turmıs keshiriw bag`ıtı menen tanısıp baradı. Balalar ba`rqulla u`lkenlerge elikleydi, quwırshag`ın erkeletip arg`an qızsha anasının` so`zin ta`kirarlaydı, quwırshag`ın besikke belep ha`yiw aytadı, mine usı birg`ana oyın arqalı onda sha`rayatındag`ı ko`nlikpeler payda bolıp atırg`anlıg`ın ko`riwimiz mu`mkin. Bunnan tısqarı «Doktor», «Shashta`rez», Du`ka`nshı», «Qurıwshı», «Tigiwshi», «Baqsha», «Mektep – mektep» sıyaqlı oyınlar arqalı mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalar qa`lbinde ka`sipke qızıg`ıwshılıq, aktivlilik, basqalarg`a miynetke hu`rmet, birgelikte dos, shiyrinso`zlik sıyaqlı sezimler rawajlanıp barıladı. Balalar jasına sa`ykes erteklerden rus xalıq ertegi «Shalg`am», «Bawırsaq», o`zbek xalıq ertegi «Zumrat ha`m Qımbat», «Eki eshki», sıyaqlılardı sahnalastırıw, qosıqlardı, ha`zillerdi yadlatıw bala este saqlawın shınıqtıradı, pikirin toplaw qa`biliyetin, so`z baylıg`ın, so`ylew xızmetin, estetikalıq

ma`deniyatın, balalarda do`retiwshilik sheberligin, o`zine bolg`an isenim sıyaqlı qa`biliyetlerdi qa`liplestiriwge ja`rdem beredi.

Ha`reketli oyınlar balalardan epshillikti, shaqqanlıqtı, dıqqattı bir jerge ja`mlewdi, sezgirlikti talap qıladı. Xalıq oyınlarınan «Atın`dı eslep qal», «Ko`z baylag`ısh», Aq terekpe, ko`k terek»,«G`azlar» ha`m t.b. oyınları arqalı balalarda ha`reket xımeti  rawajlantırılıp barıladı, erkin xızmeti, fizikalıq ku`sh – quwatı asırılıp, ozine isenimruu`xı o`sip baradı. Sonday – aq, tu`rli oyınshıqlar menen oynaw top, arqansha, at, arba, velosiped sıyaqlılar menen oynalatug`ın oyınlar arqalı olardın` qa`lbinde jarısıw sezimleri oyatıp barıladı. A`sirese top oyınlrı balalardın` barlıq dene ha`reketlerin rawajlanıwına u`lken ja`rdem beredi, sonın` ushın toplar ren`i ashıq, jen`il, jumsaq, balalar ushın aynawg`a qolaylı bolıwı kerek. Balalar menen sport xanalarında embeklew, sırpanıw, tırmalasıp miniw, arqan astınan o`tiw shınıg`ıwların u`yretiw ham sog`an tiyisli to`mendegi: «Ana tawıq ha`m sho`jeler», «Arqang`a tiymey o`tiw», «Tartıspashaq» sıyaqlı oyınlardı balalarg`a u`yretiw arqalı olarda isharag`a qarap ha`reket qılıw, ja`ma`a`t penen oynaw, qag`ıydag`a a`mel qılıw, shamalaw, dıqqattı ja`mlew sıyaqlı o`zgesheliklerdi ta`rbiyalaydı.

Ta`limiy oyınlar arqalı balada erkinlik, aktivlilik, do`retiwshilik, ma`selesine sanalı jandasıw ko`nlikpesi o`sirip barıladı. Oyın ko`rgizbelilik, a`piwayıdan quramalıg`a o`tiw uılları arqalı alıp barıladı. Ta`rbiyashı ta`limiy oyınlardı o`tkeriw dawamında bala ha`reketin aktivlestiredi, erkin ha`reket qılıw qa`biliyetin qa`liplestiredi, oyınnan durıs paydalanılsa balanın` oylawı, so`ylewi, este saqlawı, yag`nıy aqılıy ta`rbiyasına sa`ykes salınadı. Ta`limiy oyınlar arqalı balalar esitiw, ko`riw, seziw arqalı tu`rli na`rseler ha`m olardı jasawda isletiletug`ın materillardın` tiykarların, olardı bir – birine salıstırıwdı, topardarg`a ajıratıwdı u`yrenedi. Ta`limiy oyınlar kishi toparlarda to`mendegi tu`rde o`tkeriledi.

Oyınshıqlar menen oynalatug`ınoyınlar "Aywlarg`a ne kerek?", "Kishkene ayaqshalarımız", "Zumrad ushın ko`ylekler" .

Stol u`stine qoyıp oynalatug`ın oyınlar - "Ne qay jerde ju`redi?", "Men aytqan na`rseni ko`rset", "Kimnin` qolıda ne bar?".

Awızeki usuldag`ı ta`limiy oyınlar – «Kuwırshaq Lalaxandı shomıltıramız", "Qu`wırshaq Lalaxan miymang`a keldi", "A`jayıp qaltasha", "Formasın tap", "Ren`in tap" sıyaqlı oyınlar kiredi.

Esitiw ha`m ko`riw ag`zaların aktivlestiriw ushın «Qaysı terektin` miywesi», «Nenin` pa`ri?», «Miywesin tap», «Anasın tap», «Miyweler ha`m japıraqlar», «Domino», «Jabayı ha`m u`y haywanları», «İslew ushın ne za`ru`r?», «Bul uyshede qanday haywan jasaydı?» sıyaqlı oyınlardan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı. Bul oyınlar arqalı balalarda miywe ha`m palız o`nimleri, haywanlar ha`m quslar, jıl ma`wsimleri, Kiyim – kenshek ha`m basqalar sıyaqlı qıyalların bayıtıp, ken`eytirip, ko`rıw ha`m esitiw, este saqlap qalıw o`zgeshelikleri rawajlantırılıp barıladı. U`lken toparlarda oynalatug`ın «Aytın` biz tabamız», «Asqabaq pisti», «Ilay oyını», «Bag`banlar» oyınları arqalı miynetke muhabbat ruwhı ta`rbiyalanıp barıladı.

Balalar qa`lbinde muzıkag`a bolg`an muhabbat sezimin asırıwda muzıkalıq - ta`limiy oyınlardın` roli u`lken. Ta`rbiyashı balalarg`a tu`rli muzıka a`spabların ko`rsetip, shertip beriw arqalı, saz a`spablarının` dawısı ha`m du`zilisi ha`m tu`rleri menen tanıstırıp baradı. «Dawısınan tap», «Neni shertip atırman?», «Qon`ıraw qanday shertilip atır» sıyaqlı oyınlar arqalı ta`rbiyashı balalarg`a dawıs ha`m saz a`spabların parıqlawg`a u`yretedi.

Demek, juwmaqlap aytqanda oyın xızmetinin` kishkeneler o`mirinde tutqan ornı u`lken.

Oyın bir neshe a`hmiyetli funktsiyalardı orınlaydı:

1. **Biologiyalıq.** Go`deklik da`wirinen baslap oyın balanın` qol motorikasın, dene ha`m ko`z ha`reketlerin rawajlantıradı, sonday – aq, energiyanı sarıplawg`a ha`m de o`zin erkin tutıwg`a mu`mkinshilik jaratadı.
2. **Shaxsıy.** Oyın xızmeti balag`a chırtqı a`lemdi an`lawg`a, o`z denesi ha`m de ruwhının` qanday mu`mkinliliklerge iye ekenin biliwge ja`rdem beredi. Demek, oyın balanın` tikkeley kognetiv tarawına ta`sir etedi. Oyın balag`a fantaziya ha`m

simvolizatsiya ja`rdeminde «arzıwlardın` a`melge asıwına», Oz «Men»i menen baylanıslı qarıma – qarsılıqlardı sheshiwge mu`mkinshilik beredi.

3. **Shaxslararalıq.** Bala tiykarg`ı sotsiallıq ko`nlikpelerin oyın protsesinde iyeleydi – oyınshıqlardı bo`lisiwinen baslap, pikir almasıwına shekem. Bul funktsiyalar tiykarınan toparlıq ha`m shan`araqlıq terapiyada paydalanıladı.

4. **Sotsiallıq - ma`ldeniy.** Ha`r bir tariyxıy da`wirde balalar u`lkenler rolin o`zlestirip, o`z repertuarın ken`eytirgen. Oyın arqalı balalar usı rol iyesi ja`miyette qanday jumıs penen shug`ıllanıwı, onın` ideyaları, minez – qulqı ha`m qa`driyatların tu`sine baslaydı.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasında, balanın` tiykarg`ı oyını syujetli – rolli oyınlar boladı. Erte balalıq ha`m mektepke shekemgi ta`rbiya jasında qa`liplesip, mektepke shekemgi ta`rbiya jasının` ortalarında o`z rawajlanıwının` shoqqısına shıg`adı. Syujetli – rolli oyın arqalı bala insanlardın` xızmet mazmunın, olardın` shaxslararalıq mu`na`sibetlerde tutqan ornın an`lap jetedi.

Oyın balanın` emotsional ta`repinen de ta`sir etip, shaxsının` psixologiyalıq rawajlanıwına sebep boladı. İnsannın` pu`tkil o`miri dawamında da oyınnın` ornı jog`almaydı. Kishi balalar da, jası u`lkenler de oyın xızmetine an`sat kirisedi, onda o`zin qolaylı ha`m qa`wipsiz sezedi. Sonın` ushın, oyın psixologlar ta`repinen biraz jıllardan berli psixoterapevtik usıl sıpatında qollanılıp kelinbekte.

# II BAP. MEKTEPKE ShEKEMGİ TA`LİM MEKEMESİ PSİXOLOGI A`MELİYaTINDA QOLLANILATUG`IN PSİXODİAGNOSTİKALIQ METODİKALAR.

## 2.1. "Logikasız su`wretler" metodikası.

Ko‘rsetpe: Su`wrette ko`rsetilgen ko`rinisler balag`a usınıs etiledi, onda haywanlar menen baylanıslı bir qansha «logikasız» ha`diyseler keltirilgen. U`sh minut waqıt beriledi. Balag`a su`wretti ko`rsetiw waqtında og`an to`mendegishe ko`rsetpe beriledi: "Diqqat penen usı su`wrettegi ko`rinislerdi ko`rip shıg`ıp,

su`wrette barlıq na`rse o`zinin` ornında sızılg`anba yamasa joqpa. Eger sen qaysı ob`ektti o`z ornında su`wretlenbegen dep esaplasan`, ne ushın usınday bolıwı kerekligin tu`sintirip ber ha`m negizinde qanday bolıwı kerekligin aytıwın` kerek". Ko'rsetpenin` eki bo`legi de izbe – izlik penen orınlanadı. Birinshi na`wbette bala logikası joq jerlerdi aytıp beredi ha`m su`wretlerde ko`rsetip beredi, son` haqıyqattan qanday bolıwı kerekligin da`liyllep beredi.



## 2.2 "Labirintten shıg`ıw jolın tap" metodikası.

Bul tapsırmada balalarg`a su`wret ko`rsetilip, tapsırmada labirinttın` su`wretlengenligi, onda strelka menen labirintqa kiriw nuqtası ha`m shıg`ıw ornı ko`rsetilgenligi tu`sintirip o`tiledi. Bunda bala ushlı tayaqshanı alıp, su`wret ishinen ju`rgizip, labirinttan mu`mkinshiligi barınsha tez shıg`ıp ketiwi ha`m de tayaqshanı mu`mkinshiligi barınsha anıq ju`rgizip, labirint diywalına tiyip ketpesligi kerek.

Bala ta`repinen shınıg`ıw 45 sekunttan 120 sekuntqa shekem orınlanıwı sha`rt.



**2.3 "K iml**

**igin`di tawıp ko`r" metodikasi**

**Maqseti:** Balalardın` qabıl etiwin u`yreniw.
**Ko‘rsetpe:** Bunda bala su`wrettin` bir neshe bo`lekleri ja`rdeminde pu`tin su`wrette qanday ekenligin biliwi talap etiledi.

Shınıg`ıw to`mendegi ta`rtipte o`tkeriledi: Balag`a su`wrettin` A bo`legi ko‘rsetiledi ha`m usı su`wrette ne ko`rsetilgenin tabıwı aytıladı.Bunın` ushın 10 sekund waqıt beriledi. Eger bala bul waqıt ishinde ne su`wretlengenin taba almasa ja`ne 10 skundqa og`an su`wrettin` b bo`legi ko`rsketiledi. Usı ta`rizde su`wret bo`lekleri tap bala onda ne su`wretlengenin tapqang`a shekem ko`rsetiledi.




**JUWMAQLAW**

Son`g`ı jılarda ma`mleketimiz ta`lim sistemasında psixologiyalıq xızmetti sho`lkemlestiriw, mashqalalı jag`daylardı u`yreniwge tiyisli a`meliya psixodiagnostikalıq jumıslardı a`melge asırıw, teoriyalıq ha`m a`meliy bilimlerdi

ulıwmalastırıw ha`m sistemalastırıw ha`m de olardı a`meliyatqa qollanıw za`ru`rligi asıp ketti. Usılardı esapqa alg`an halda ta`lim mekemelerinde psixologiyalıq xızmet to`mendegi bes bag`darda sho`lkemlestiriledi:

- psixoprofilaktika;
- psixologiyalıq ag`artıwshılıq;
- psixodiagnostika;
- psixokorrektsiya ha`m psixologiyalıq rawajlandırıw;
- psixologiyalıq ma`sla`xa`t jumısları.

Mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri psixologi da psixologiyalıq xızmet haqqındag`ı nızamda belgilengen bag`darlarda xızmet ko`rsetedi.

Bunda psixolog to`mendegilerge ayrıqshı itibar beriwi kerek:

- Mektep talabı ko`z qarasınan bilimlerdi qay da`rejede teren`irek iyelep alıwları diagnostika qılınadı. Lazım bolsa korrektsion jumıslar a`melge asırıladı.

- Baqsha ko`z – qarasınan balanı mektepke talabı da`rejesindegi bilim, ta`jiriybe, ko`nlikpeler menen qay da`rejede qurallantırılg`anlıg`ı diagnostika qılınadı.

- Balalardın` mektepke qay da`rejede ruwhıy tayarlıg`ı da`rejesi diagnostika qılınadı. Sonday – aq, tiykarg`ı wazıypa balalar miynetinin` qay tu`rine tayar turıwları, olarda aqılıy miynet bilimge qızıg`ıwshılıg`ın o`siriw, olardı keleshektegi o`z betinshe xızmetke qay da`rejede tayar ekenligi diagnostika qılınadı.

- Balalar baqshasındag`ı beriletug`ın ta`lim qay da`rejede rawajlantırıwshı ekenligi diagnostika qılınadı.

-Psixolog balalar baqshası menen mektep ortasında izshil baylanıs bar yamasa joq ekenligin diagnostika qıladı.

Psixolog baqsha jasındag`ı balalar iyelewleri lazım bolg`an bilim ha`m tu`sinikler mazmunın, do`gerek a`tiraptag`ı o`mir haqqındag`ı qıyallar ha`m ayırım a`piwayı tu`sinikler bar ekenligin psixologiyalıq ta`repten diagnostika qıladı.

Ta`limge psixologiyalıq tayarlıq degende balanın` ob`ektiv ha`m sub`ektiv ta`repten mektep talabına mu`na`sipligi na`zerde tutıladı. Ol mektep ta`limine aldın psixologiyalıq ta`repten tayarlanadı. Onın` tayarlıq da`rejesi balalar baqshası

psixologi ta`repinen psixologiyalıq diagnostika qılınadı. Usı protsesste lazım bolg`an sebep psixologiyalıq korrektsiya jumısları a`melge asırıladı. Balanın` psixikası bul da`wirde ilim alıwg`a jetkilikli da`rejede tayar boladı. Psixolog bul jastag`ı bala qabıl etiwinin` o`tkirligi, rawajlang`anlıg`ı, seziwinin` anıqlıg`ı, qızıg`ıwshan`lıg`ı, kirisimshen`ligi, iseniwshen`ligi, qıyalının` anıqlıg`ı, este saqlawının` ku`shliligi, oylawının` anıqlıg`ı da`rejesin psixologiyalıq ta`repten diagnostika qıladı.

Pedagog – psixolog jumısında ken` paydalanılatug`ın konsul`tativ – terapevtik xızmetlerdin` ja`ne bir tu`ri ertek ha`m oyın terapiyası esaplanadı. Bular da mektepke shekemgi jastag`ı balalardın` psixologiyalıq mashqalaların sheshiwde a`meliyatshı psixologqa jaqınnan ja`rdem beredi.

**PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR:**


1. Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat – engilmas kuch. T.2008 y
2. Karimov I.A. Barkamol avlod – O’zbekiston kelajagining poydevori. T. “Sharq” 1995.
3. Andreeva A.D., Voxmenina T.V. Programma rabotı psixologa v detskom doshkol`nom uchrejdenii. M.1994.

4. Petrovskiy I. V. «Umumiy psixologiya» «O`qituvchi», 1992y.
5. Bolalarni maktabga tayyorlashda noan`anaviy o'yinlardan foydalanish. Jalalova G. T. 2004.
6. Vohidov M. Bolalar psixologiyasi. T. 1982 y.
7. Gotovnost k shkole. Rukovodstvo prakticheskogo psixologa pod red. I.V.Dubrovinoy. M.1995.
8. Jalalova G. Maktabgacha yoshdagi bolalarni maktabga tayerlash. T. 2004.
9. Rogov A. Nastol`naya kniga prakticheskogo psixologa. M. 1998
10. Gamezo A. «Atlas po psixologii» Moskva 2001y.
11. Karimova V. M. «Psixologiya» T.SHarq 2002y.
12. G`oziev E. G`. «Umumiy psixologiya» I—II tom. Toshkent-2002y.
13. Goziev E. Psixologiya. Toshkent 1994.
14. Goziev E. Ontogenez psixologiyasi. T.: Noshir. 2010y.
15. G`oziev E. Taraqqiyot psixologiyasi. - T.: «Universitet», 1999
16. Davletshin M. G. «Umumiy psixologiya» T-2000y.
17. Davletshin G. va bosh. Yosh davrlar va pedagogik psixologiya.T.2009 y
18. Nishanova Z.T. Psixologik xizmat. T. 2006.
19. Nishanova Z., Alimova G. Bolalar psixologiyasi va uni o`qitish metodikasi. T. 2006 y.
20. www. Ziyo.net.
21. www. Referat.ru